



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KARANTÈN POU VWAYAJ NASYONAL LA PA OBLIGATWA ANKÒ APATI 1YE AVRIL

*Byenke li pa obligatwa ankò, karantèn vwayaj nasyonal la toujou konseye kòm prekosyon siplemantè*

*Karantèn obligatwa yo rete anvigè pou vwayajè entènasyonal yo*

*Tout vwayajè ki kouvri dwe kontinye ranpli [fòm sante vwayajè](#) a yon fwa yo rive nan Eta New York*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo p ap egzije vwayajè nasyonal karantèn ankò lè yo antre New York soti nan yon lòt Eta Ameriken oswa Tèritwa Ameriken, apati 1ye avril. Byenke li pa obligatwa ankò, Depatman Sante Eta New York la (NYS Department of Health, DOH) toujou rekòmande karantèn pou vwayaj nasyonal antanke yon prekosyon siplemantè. Karantèn obligatwa a rete anvigè pou vwayajè entènasyonal yo. Tout vwayajè yo dwe kontinye ranpli [Fòm Sante Vwayajè a](#). Moun yo ta dwe kontinye respekte tout enstriksyon sekirite yo pou stope pwopagasyon an - mete mask, kenbe distans sosyal epi evite rasnableman.

"Nouyòkè yo te montre fòs ak pèseverans pandan tout pandemi sa, e sa afiche nan kantite ki kontinye ap diminye chak jou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pandan n ap travay pou konstui enfrastrikti vaksen nou an plis toujou epi bay plis piki nan bra yo, n ap fè pwogrè ki enpòtan nan genyen kous apye ant pousantaj enfeksyon ak pousantaj vaksinasyon an, k ap pèmèt nou ouvri nouvo sektè nan ekonomi nou an epi kòmanse tranzisyon pou yon novo nòmal nan yon mond apre pandemi. Nan kad tranzisyon sa, karantèn pou vwayajè nasyonal yo pa obligatwa ankò, men li toujou rekòmande kòm yon prekosyon siplemantè. Sa se yon bon nouvèl, men se pa yon nouvèl ke tout bagay klè pou Nouyòkè yo bese gad yo. Pou bat viris sa yon fwa pou tout, nou tout dwe kontinye fè sa nou konnen ki fonksyone pou stope pwopagasyon an, ki se mete mask, lave men nou epi pratike distans sosyal."

Kèlkeswa estati karantèn nan, tout moun ki ekspoze a COVID-19 la oswa ki soti nan vwayaj dwe:

- Kontinye kontwole sentòm yo jiska Jou 14 la;
- Kontinye respekte estrikteman tout entèvansyon san medikaman ki rekòmande yo, ki enkli ikyèn pou men, ak itilizasyon kouvèti vizaj jiska Jou 14 la (menm si ou vaksinen konplètman);

- Dwe oto-izole tèt yo imedyatman si nenpòt sentòm devlope epi kontakte otorite sante piblik la oswa pwofesyonèl swen sante yo pou repòte chanjman sa nan estati Klinik epi detèmine si yo ta dwe chèche fè tès.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)